



Pou Piblikasyon Imedya: 27/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOGRAM PASS EXCELSIOR ETA NEW YORK LA

Yon kad nasyonal pou eta, tèritwa, ak nasyon yo pou ede nan devlopman idantifikasyon sante dijital

Yon seri seminè sou entènèt (wèbinè) swivi pou bay sipò teknik pou lòt antite yo

[Telechaje pwogram nanisit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a, [Pwogram](#) Pass Excelsior Eta New York la, yon kad nasyonal pou ede nan devlopman ak mizanplas idantifikasyon sante dijital. Devlopman solisyon Pòtfèy Pass Excelsior Eta a—ki enkli Pass Excelsior, Pass Excelsior *Plus*, ak aplikasyon Eskanè Pass Excelsior pou biznis yo—Pwogram nan sèvi kòm yon gid pou ede lòt eta, tèritwa, ak antite yo nan devlopman sistèm idantifikasyon vaksen COVID-19 ki konpatib pou fè efò devlopman ekonomik lan avanse nan tout peyi a - nan tout sekirite.

"Si pou nou finalman bat COVID-19 la, nou dwe aji ak odas, nan fason ki desizif epi ak yon lespri kolaborasyon ak transparans," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogram Pass Excelsior nou an se egzanp pafè de sa, ak enpak pozitif li sou ekonomi nou an ak kapasite inik li pou pèmèt Nouyòkè yo gen plis kontwòl sou enfòmasyon sante yo plis ke jamè anvan. Lespwa nou sèke plis eta rejwenn nou pou fè aktivite reouvèti nou yo avanse pou nou ka soti nan yon pandemi san presedan plis an sekirite, pi djanm epi pi entèkonekte ke jamè anvan."

[Pwogram](#) nan, kounye a ki disponib piblikman, pataje pwosesis Eta New York pou konstui, aplike epi fè platfòm Pass Excelsior a avanse. Kad la k ap anglobe aksyon ak aktivite jesyon, sèvi kòm yon pwèn lansman pou tout antite k ap chèche demare, optimize, oswa lanse pwòp solisyon yo. Dokiman an genyen ladan l, yon gid etap pa etap pou bezwen inik gouvènman eta yo, k ap kouvri eleman ki soti nan konfidansyalite ak estrateji sekirite, jesyon done, ak enfòmasyon ak angajman piblik.

Vis Prezidan Antrepriz ak Direktè Teknik Adjwen nan Microsoft, Lila Tretikov te deklare, "Mwen kontinye enspire pa travay Eta New York ap fè pou ede lòt eta yo aplike Kat Sante ENTELIJAN yo. Lè nou asire ke kominote yo ka reouvri nan tout sekirite epi tout moun ka fè verifikasyon vaksinasyon an konfyans, se angajman

Microsoft ak patnè nou yo nan kowalisyon VCI te fè depi nan kòmansman. Pwogram Eta New York la se yon bagay ki ajoute ki enpòtan nan efò sa pou kontinye rann Kat Sante ENTELIJAN an fasil pou aplike epi aksesib pou tout moun, tout kote."

Doktè anchèf Sante Nimerik nan MITRE epi Kofondatè VCI, Doktè Brian Anderson, te deklare: "Eta New York te reyisi tire benefis de Kad pou Kat Sante ENTELIJAN open-source la, ki te devlope pa VCI, pou kreye yon seri zouti k ap fasilite moun ak biznis pandan pandemi COVID-19 la. Lansman Pwogram Pass Excelsior a ofri lòt eta yo yon avans nan planifikasyon pwòp mizanplas yo pou sipòte otorite sante piblik yo ak enfrastrikti a. Nou menm nan MITRE, nou kontan pou fè patenarya ak New York pou konstui teknoloji ak zouti k ap pèmèt disponiblite ak adopsyon Kat Sante ENTELIJAN ki ogmante nan nivo nasyonal."

Lè nou elaji angajman Eta a pou pèmèt moun gen aksè nan yon kopi dosye vaksinasyon ki fyab, ki prezève konfidansyalite yo sou fòm pape oswa dijital, sa detaye enpòtans solisyon ki konpatib Pwogram nan ki fasilite kapasite pou opere lè w itilize Kad ak Espesifikasyon Kat Sante ENTELIJAN yo—ki vle di Pas diferan Eta oswa antite yo soti yo, ke yo pibliye atravè yon seri règ ki pataje, ka valide epi aksepte san yo pa pataje done endividyèl yo.

Aprè soti Pwogram lan, Eta New York ap fè yon seri evènman vityèl ak wèbinè pou bay moun ki enterese yo plis zouti ak resous. New York ap travay aktivman ak lòt Eta Etazini yo pou bay sipò teknik - ki enkli enfòmasyon sou achitekti ak lojik enstriksyon.

Eta New York te premye nan peyi a pou lanse yon prèv vaksinasyon COVID-19 ak sistèm Pas rezilta negatif nan mwa mas 2021. Jiska prezan, Nouyòkè yo te rekipere plis pase si milyon Pass Excelsior, epi yo te fè plis pase 157,000 telechajman aplikasyon Eskanè Pass Excelsior a. Ansanm zouti yo kontinye enpòtan anpil pou sipòte efò reouvèti Eta a - k ap sipòte sante piblik ak devlopman ekonomik an menm tan. Yon gwoup gwo ak ti biznis nan tout eta a—ki enkli sekte ki te frape fò tankou lokal evènman ak amizman, sèvis restoran, ak otèlri yo—kontinye itilize Pass Excelsior a pou verifiye prèv vaksinasyon an pi fasilman epi ak plis transparans.

Pou telechaje Pwogram Pass Excelsior Eta New York la, vizite lyen an [isit la](#). Moun ka aprann plis sou Pass Excelsior ak Pass Excelsior *Plus* la [isit la](#) epi moun ki kalifye yo ka rekipere Pass yo [isit la](#). Òganizasyon ak biznis yo ka aprann plis sou [aplikasyon Eskanè Pass Excelsior](#) a—gratis pou tout biznis nan tout peyi a epi li disponib nan plis pase dis lang—ak kad [Emetè ki fyab](#) Eta New York la [isit la](#).

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)